



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/6/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$500,000 NAN PWOGRAM BWAT MANJE  
FRESHCONNECT NAN FINGER LAKES AK VIL NEW YORK**

***Pwogram Food Box ap bay manje fre ki pwodui lokal nan katye ki defavorize yo  
epi konekte agrikiltè yo a nouvo mache***

***Pwogram Chèk FreshConnect devlope a plis pase \$425,000***

Cuomo te anonse \$500.000 dola nan finansman ki disponib pou pwogram Bwat Manje FreshConnect pou pote opsyon bon jan kalite manje nan zòn defavorize yo nan eta. Pwogram nan bay pwodui nourisan ki grandi lokal nan pri redwi pou kominote yo nan Finger Lakes ak nan Vil New York, pandan lap travay pou konekte agrikiltè yo avèk nouvo mache ak kondwi kwasans nan endistri agrikòl New York. Anplis, plis pase \$425,000 disponib ane sa pou pwogram chèk FreshConnect pou elaji itilizasyon benefis SNAP nan mache agrikiltè yo nan tout eta.

“Lè nou plis elaji manje fre, a bon mache nan kominote defavorize yo, nap amelyore sante pwochen jenerasyon Nouyòkè yo, ansanm avèk biznis lokal ak fèm yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “FreshConnect te gen yon siksè enkwayab sou senkan ki sot pase yo, e inisyativ sa pral kontinye elaji opòtinite ak kondwi kwasans nan endistri agrikilti pou ane kap vini yo.”

**Pwojè Bwat Manje**

Itilize yon sibvnyasyon \$500,000 ki soti nan pwogram Depatman Agrikilti ak Mache FreshConnect, Foodlink nan Rochester ap kreye ak enplemante yon nouvo pwogram Bwat Manje, ak GrowNYC nan Vil New York ap elaji inisyativ Bwat manje Fre I ki egziste deja. Toulède òganizasyon yo ap konseye tou epi fòmè lòt gwoup yo nan eta pou devlope pwogram Bwat Manje chak semèm. Pwen Lavant Bwat Manje ap ankouraje patisipan yo nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè pou itilize benefis yo pou achte pataj chak semèn nan fwi ak legim nan pri ki pa pase mache a. Depatman Agrikilti ak Mache ap bay jiska \$10,000 pou pwojè endividyèl sa yo.

Anplis, pou premye fwa, Foodlink ap ofri ‘fresh bundles’ nan kontwa fèm iben nan mache ki arebò wout yo. Pake sa yo ap ranpli avèk pwodui sezonye ki alimante nan plis pase 30 kiltivatè nan rejyon an. Pataj bwat manje chak semèn ap koute \$12 e lap gen ladan yon valè andetay apeprè de \$20-\$25 nan fwi ak legim fre. GrowNYC ap elaji operasyon l soti nan 19 pou rive nan 22 sit Bwat Manje toupatou nan senk awondisman yo nan Vil New York. Chak sit ap fè patenarya avèk yon òganizasyon kominotè kap ede

nan sansibilizasyon epi bay yon sit pou distribisyon. Óganizasyon an ap ofri demonstrasyon manje kwit e lap bay kliyan yo resèt ak enstriksyon pou stoke pwodui. GrowNYC alimante sous li yo apati 36 agrikiltè ki soti nan uit rejyon nan eta.

**Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare,** “Plis pase yon milyon Nouyòkè ap viv nan zòn ki gen aksè limite a mache sa ki rann li difisil pou manje byen, repa balanse. Lè nou elaji disponibilite manje fre a bon mache nap bay rezidan yo opòtinite pou amelyore rejim yo epi sipòte ekonomi agrikilti lokal yo.”

**Mitch Gruber, Direktè Pwogram ak Inovasyon pou Foodlink, te deklare,** “Nou konprann ke li egzije pwogram strateji inovè pou relye agrikilti lokal avèk kominote yo ki gen revni fèb yo, e nou kontan paske nou te kolabore avèk Depatman Agrikilti ak Mache NYS pou devlope ak elaji kèk nan inisyativ sa yo.”

**Direktè Egzekitif GrowNYC, Marcel Van Ooyen, te deklare,** “Fresh Food Box se yon pwogram inovè ki eksplwate gwoup acha pou pèmèt kominote defavorize yo kapasite pou achte chak semèn seleksyon pwodui nan pri ki pi ba nan mache a. Avèk asistans jenere Eta, nap rete tann pou n devlope sou siksè pwogram Bwat Manje Fre a epi pote pwodui fre nan menm plis kominote nan ane kap vini yo.”

### **Chèk FreshConnect**

Yon lòt objektif nan pwogram Food Box la se pou ogmante kantite chèk FreshConnect ki delivre nan mache agrikiltè lokal yo. Anplis, pou premye fwa, pwogram nan te fonksyone tou pandan tout ane a. Depi 2011, patisipan SNAP yo te itilize plis pase 240,000 chèk pou achte pwodui lokal fre nan 650 sit nan eta.

Chèk FreshConnect bay jiska \$2.00 rekonpans pou chak \$5.00 benefis SNAP ki itilize nan mache agrikiltè patisipan yo. Non sèlman sa sipòte agrikiltè lokal yo men li pèmèt tou konsomatè SNAP yo ogmante pouvwa dacha yo pa 40 pousan. Chèk yo pou sezon ete/otòn nan ap disponib apati 1ye Jiyè. [Klike la a pou wè yon kat pou mache kap patisipe yo.](#)

Chèk FreshConnect yo ap disponib ankò ane sa pou veteran yo, manm sèvis, ak fanmi imedyat yo nan biwo Afè Veteran sou yon baz premye vini premye sèvi. Ekspansyon pwogram nan vini apre yon pwogram pilòt ki gen siksè nan 2014 ak yon lòt gwo ane nan 2015.

**Eric J. Hesse, Direktè Divizyon Afè Veteran, te deklare,** “Divizyon Afè Veteran te bay mnam veteran militè ansanm avèk fanmi yo chèk FreshConnect checks pou chak nan dezan ki sot pase yo. Chak ane pwogram nan te amelyore e nap rete tann pou n kontinye devlope l nan ane kap vini yo. Se yon efò sipèb bò kote Agrikilti ak Mache e se yon gwo fason pou nou konekte avèk Veteran yo.”

**Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare,** “Empire State Development angaje pou bay aksè a fwi fre, legim grandi lokal pou kominote defavorize ki gen revni fèb yo. Travay avèk Depatman Agrikilti ak Mache,

nap ouvè pòt pou nouvo opòtinite mache pou agrikiltè lokal yo epi asire ke yo gen aksè a bon jan kalite manje pou fanmi yo nan chak rejyon nan eta.”

**Komisyone Biwo Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape Samuel D. Roberts te deklare,** “Pwogram FreshConnect la kontinye ofri nouvo fason inovè pou Nouyòkè yo gen aksè fasil pou manje fre ki grandi lokal ke yo ka achte avèk kat benefis SNAP yo. Non sèlman efò sa yo sipòte objektif Gouvènè a pou anpeche grangou, men yo pral ankouraje tou fanmi yo pou entegre plis bon jan kalite fwi ak legim nan rejim chak jou yo pandan lap sipòte agrikiltè lokal nou yo.”

Gouvènè Cuomo te lanse pwogram FreshConnect ane pase pou kreye nouvo mache kiltivatè yo, epi pou sipòte mache ki la deja ki ofri pwodui fre pou zòn ki nan gwo nesesite yo.

Pwogram FreshConnect la te grandi anpil depi lè sa e li te finanse tou kreyasyon ak enplemantasyon premye Pwogram Sètifikasyon Mache Manger, yon pwogram sou entènèt ki fèt pou asire kalite ak pèfòmans mache agrikiltè yo nan eta. 22 modil fòmasyon inik ap ede manadjè mache yo pi byen òganize, administre ak ankouraje mache yo. Pwogram sa se yon efò kolaborasyon ant Federasyon Mache Kiltivatè New York, SUNY Cobleskill ak Cornell Cooperative Extension. Jiska dat, 37 manadjè mache te enskri pou kou sou entènèt. Pou enskri, ale nan:

<http://www.nyfarmersmarket.com/fmmpro>.

### **Akselere Finger Lakes Delavan**

Konpleman investisman transfòmasyon sa “Finger Lakes Forward,” plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik ak devlopman kominotè. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Delavan avèk yon investisman Eta \$500 milyon atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 milya – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, pwofite jiska 8,200 nouvo djòb.

Eta a deja investi plis pase \$3.4 milya nan rejyon an depi 2012 pou sipòte plan li – investi nan ensdistri enpòtan ki gen ladann fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse.

Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi avan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsone ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo grandi ak investi. Wap jwenn plis enfòmasyon sou DiFiore disponib [la](#).

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418